



PWOTEKSYON POU ANDIKAPE SELON LWA SOU DWA IMEN NAN VIL NEW YORK

Aksè Egal ak Endepandan pou tout Moun k ap viv nan New York

Pwoteksyon pou Andikape Selon Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York

Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap yon moun epi ankouraje aksè egal ak endepandan pou tout moun ki gen andikap nan Vil New York.

Men 5 bagay ou Dwe Konnen

1. Moun ki bay lojman, patwon ak mèt biznis dwe ofri modifikasyon oswa akomodasyon nan règleman yo ak/oubyen amenaje espas fizik lokal yo pou pèmèt yon moun ki andikape gen itilizasyon ak dwa egal.
2. Se jeneralman responsabilite moun ki bay lojman, patwon ak mèt biznis yo pou yo peye pou fè modifikasyon oswa akomodasyon yo.
3. Menmsi yon moun ki bay lojman, yon patwon oubyen mèt yon biznis deja ap konfòme yo a Lwa ki favorize Ameriken ki gen Andikap yo (ADA), Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York la egzije yo fè modifikasyon oubyen akomodasyon ke yon sèl moun ta bezwen, sof si sa ka pwovoke "difikilte ki pa rezonab", jan sa defini nan lwa a.

Kontinye sou lòt bò a...

Si w santi ou viktim oubyen ou temwen yon diskriminasyon, nou ka ede w. Rele **311** epi mande pou **Komisyon sou Dwa Imen nan Vil New York** oubyen rele Komisyon an dirèkteman nan **(212) 416-0197**.



Komisyon sou
Dwa Imen

Biwo Majistra a pou
Moun ki gen Andikap

[NYC.gov/HumanRights](https://www.nyc.gov/HumanRights) • [NYC.gov/mopd](https://www.nyc.gov/mopd)

#EqualAccessNYC •       @NYCCHR • @NYCDisabilities



PWOTEKSYON POU ANDIKAPE SELON LWA SOU DWA IMEN NAN VIL NEW YORK

Aksè Egal ak Endepandan pou tout Moun k ap viv nan New York

4. Animal ki la pou bay asistans yo antrene pou fè travay espesifik pou yon moun ki andikape. Animal ki la pou bay asistans yo dwe gen otorizasyon pou akonpaye mèt yo nan nenpòt ki espas kote tout moun ka antre e yo pa bezwen mete yon jilè, gen yon lisans espesyal oswa fè wè a klè ke yo se animal ki la pou bay asistans.
5. Moun ki bay lojman, patwon ak mèt biznis yo dwe pale ak moun ki andikape a pou yo ka detèmine ki tip modifikasyon oubyen akomodasyon moun andikape a bezwen.

Egzanp pou Ede w idantifye Diskriminasyon

- Yon moun ki bay lojman refize enstale yon ranp nan rantrè bilding lan pou rezidan ki itilize chèz woulant yo kapab rantrè ak sòti san okenn èd.
- Yon pwopriyetè restoran mande yon kliyan ki gen yon animal ki la pou bay asistans pou li sòti nan restoran an avèk animal la.
- Yon patwon refize bay yon anplwaye ki pa wè byen yon lektè ekran pou òdinatè li pou li ka bay bon rezilta nan travay li.

Si w santi ou viktim oubyen ou temwen yon diskriminasyon, nou ka ede w.
Rele **311** epi mande pou **Komisyon sou Dwa Imen nan Vil New York** oubyen rele
Komisyon an dirèkteman nan **(212) 416-0197**.



Komisyon sou
Dwa Imen

Biwo Majistra a pou
Moun ki gen Andikap

[NYC.gov/HumanRights](https://www.nyc.gov/HumanRights) • [NYC.gov/mopd](https://www.nyc.gov/mopd)

#EqualAccessNYC •       @NYCCHR • @NYCDisabilities